

Rezime Règleman konsènan Èd Finansye

Providence Hospital gen yon angajman ak respè pou diyite chak moun avèk yon enkyetid espesyal pou moun k ap batay avèk baryè pou jwenn aksè nan sèvis swen sante. Providence Hospital gen yon angajman egalego pou kontwòle resous swen sante li kòm yon sèvis pou tout kominote a. Anrapò avèk prensip sa yo, Providence Hospital bay èd finansye pou sèten moun ki resevwa laswenyaj pou ijans oswa lòt laswenyaj ki nesèsè pou rezon medikal nan Providence Hospital. Rezime sa a bay yon ti apèsi sou Règleman Providence Hospital's pou Èd Finansye.

Kimoun Ki Kalifye?

Ou kapab resevwa èd finansye. Anjeneral, nou detèmine èd finansye dapre revni total fanmi ou parapò avèk Nivo Federal Povrete. Si revni ou pi piti oswa egal a 250% Nivo Federal Povrete, w ap resevwa yon dediksyon 100% nan swen charite sou pòsyon frè ou responsab pou peye a. Si revni ou depase 250% Nivo Federal Povrete, men li pa depase 400% Nivo Federal Povrete, ou ka resevwa tarif ki gen rabè sou yon echèl varyab. Pasyan ki kalifye pou èd finansye p ap gen pou peye plis lajan pou laswenyaj yo kalifye a pase kantite lajan nou mande pasyan yo pou yo peye anjeneral avèk pwoteksyon asirans.

Ki Sèvis Ki Garanti?

Règleman pou Èd Finansye aplike pou laswenyaj pou ijans ak pou lòt laswenyaj ki nesèsè pou rezon medikal. Tèm sa yo defini nan Règleman pou Èd Finansye. Sèvis ki pa obligatwa ki pa pwoteje anba Règleman pou Èd Finansye.

Kijan Mwen Kapab Aplike?

Pou aplike pou èd finansye, anjeneral w ap ranpli yon fòm aplikasyon alekri epi w ap bay dokiman sipò, jan sa dekri nan Règleman pou Èd Finansye ak aplikasyon Règleman pou Èd Finansye.

Kijan Mwen Kapab Resevwa Èd avèk yon Aplikasyon?

Pou jwenn èd avèk aplikasyon dapre Règleman pou Èd Finansye, ou ka kontakte Patient Financial Counseling Office nan 202-854-4081.

Kijan Mwen Kapab Jwenn Plis Enfòmasyon?

Kopi Règleman pou Èd Finansye ak fòm aplikasyon dapre Règleman pou Èd Finansye disponib sou <http://www.provhosp.org/patients-guests/financial-assistance> epi sou Patient Financial Counseling Office. Ou kapab resevwa kopi gratis Règleman pou Èd Finansye ak aplikasyon dapre Règleman pou Èd Finansye tou pa lapòs depi ou by request to the Patient Financial Counseling Office at 202-854-4081 Lòt enfòmasyon sou Règleman pou Èd Finansye disponib tou nan Patient Financial Counseling Office oswa nan telefòn nan 202-854-4081.

Kisa Pou Mwen Fè Si Mwen Pa Kalifye?

Si ou pa kalifye pou èd finansye anba Règleman pou Èd Finansye a, ou ka kalifye pou lòt kalite èd. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte Patient Financial Counseling Office oswa nan telefòn nan 202-854-4081.

Tradiksyon Règleman pou Èd Finansye, aplikasyon dapre Règleman pou rezime nan langaj òdinè disponib nan lang ki endike anba la yo sou demann:

Arabic	Farsi	French	Greek	Haitian Creole
Japanese	Korean	Portuguese	Russian	Simplified Chinese
Spanish	Tagalog	Traditional Chinese	Urdu	Vietnamese